



Pou Piblikasyon Imedya: 26/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TOUT PREMYÈ ANTREPRIZ BYOTÈK ANT ETAZINI AK KIBA POU YO FÈ RECHÈCH AK DEVLOPE NOUVO TRETMAN POU KANSÈ

Roswell Park ansanm avèk Sant Iminoloji Molekilè ki baze nan Layavàn lan te tabli patenarya pandan misyon komèsyal Gouvènè Cuomo te fè Kiba an 2015 lan

Nouvèl Antrepriz Komìn, yo Rele Innovative Immunotherapy Alliance S.A., Bay Roswell Park Aksè a Twa Medikaman Adisyonèl pou Kansè ki pa te Disponib Avan pou Pasyan oswa Chèchè Etazini yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Sant pou Tretman Global Kansè Roswell Park la (Roswell Park Comprehensive Cancer Center) ki baze nan Buffalo a te fòme Innovative Immunotherapy Alliance S.A., ki se tout premyè antrepriz byotèk ant Etazini ak Kiba. Anons lan make yon gran etap enpòtan nan pwogrè k ap fèt apre misyon istorik Gouvènè Cuomo te fè al Kiba an Avril 2015 la, kote li te fasilite patenarya istorik sa a ant Roswell Park ak Sant Iminoloji Molekilè a (Center for Molecular Immunology, CIM). Etap istorik sa a pral fè vanse rechèch ak devlopman nouvo medikaman pou kansè ki gendwa pwolonje ak amelyore sivi pou anpil milye pasyan nan Etazini.

“Antrepriz istorik sa a k ap fèt ak Kiba pral bay Roswell Park aksè a medikaman inovatè kont kansè ki ka revolisyone tretman yo epi mete nou yon pa pi pwòch pou elimine menas kansè reprezante yon fwa pou tout”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou mete sèvo ki pi meyè ak pi briyan k ap soti toupatou atravè mond lan yo ansanm, New York ap trase chemen an kòm lidè nan rechèch ak avansman medikal modèn yo.”

Nouvèl antrepriz komìn sa a ap bay Roswell Park aksè a CIMAvax ak twa medikaman kansè adisyonèl — apwòch inik a tretman pou kèk nan tip kansè ki pi mòtèl ak pi penib alafwa Ozetazini ak onivo mondyal — pou pasyan ak chèchè Etazini yo. Kat medikaman sa yo aktyèlman apwouve pou pasyan itilize yo nan lòt peyi. Gran etap la ap make yon lòt etap anvè rechèch, devlopman epi evantyèlman komèsyalizasyon medikaman kansè pwometè yo pou pasyan nan Etazini yo ka jwi avantaj yo.

“Sant pou Tretman Global Kansè Roswell Park la se yon eleman entegral nan Buffalo epi se yon enstitisyon ki gen kalib mondyal ki te lidè nan lit kont kansè a pandan anpil jenerasyon”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Rechèch ak anplwaye nan Roswell Park yo ap travay chak jou pou yo sove lavi epi livre konpasyon pou sila ki gen bezwen li plis yo. Kolaborasyon rechèch estratejik sa a k ap fèt ant Roswell Park ak

espri medikal lidè Kiba yo pral pote nouvo opòtinite pou tretman k ap sove lavi, sa k ap bay anpil milyon Ameriken espwa.”

Aprè misyon komèsyal 2015 lan, Roswell Park te vin premye enstitisyon medikal ki te kòmanse tès Ajans Amerikèn pou Pwodwi Alimantè ak Medikaman an (Food and Drug Administration, FDA) otorize sou CIMAvax nan Etazini. Gouvènè Cuomo te anonse lansman esè klinik inovatè sou CIMAvax — ki se yon tretman pou kansè Kiben yo te devlope — an Oktòb 2016. Etid klinik inovatè sa a aktyèlman ankou nan Roswell Park avèk anons rezilta preliminè lye Faz la yo te prezante nan yon konferans syantifik yè; kòmansman pòsyon IIèm faz etid inisyal la ke yo antisipe pou fen ane 2018 la.

Nan Kiba, anpil pasyan yo te trete ak CIMAvax te viv pi lontan anpil epi kalite lavi yo te amelyore ak efè segondè minim, lè yo konpare yo ak pasyan ki souffri kansè nan poumon ki pa te resevwa medikaman an melanje ak chimiyoterapi estanda a. Chèchè Roswell Park yo kwè ke CIMAvax ka sanble pwouve li efikas kòm tretman pou lòt kansè yo, tankou kansè nan tèt ak nan kou, nan gwo entesten, nan tete, nan pwostat ak nan pankreya, ansanm ak pou prevansyon kansè primè nan poumon yo.

Antrepriz byotèk komin lan gen aksè a CIMAvax ak twa tretman iminoterapi pou kansè Kiben yo te devlope ki pa te aksesib pou pasyan oswa chèchè Etazini yo avan: IL-2 mutein, VSSP ak lòt iminoterapi eksperymanal yo sible gangliyozid ki asosye ak timè yo. Kat iminoterapi sa yo se apwòch tretman inovatè yo konsevwa pou amelyore sistèm otodefans natirèl kò a genyen pou l konbat kansè a, pou kont li oswa melanje ak lòt iminoterapi. Byenke ajan sa yo toujou rete terapi eksperymanal nan Etazini, evidans jiskaprezan sigjere vivman ke li vo lapèn pou yo fè plis etid sou toule kat medikaman sa yo nan plizyè tip kansè. Roswell Park ak patnè li yo pran angajman pou yo travay ansanm pou yo detèmine vrè potansyèl pou kontwole kansè ak amelyore rezilta pou pasyan yo.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Lidèchip Eta New York genyen nan rechèch medikal inovatè yo ap vin gen pou anblèm Sant pou Tretman Global Kansè Roswell Park la, kounye a ki se yon patnè nan tout premyè antrepriz byotèk ant Etazini-Kiba epi nan avansman nouvo medikaman pou yo pwolonje ak sove lavi”.

Komisè Depatman Sante a (Department of Health), Doktè Howard Zucker, te deklare, “Chak ane, prèske 110,000 moun New York aprann yo gen kansè, epi trajikman apeprè 35,000 moun mouri akòz maladi envalidan sa. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, nou ap eksplwate resous eksepsyonèl nou genyen isit la nan Roswell Park la yo epi rive atenn toupatou nan mond lan pou nou rete alatèt nan lit kont kansè a”.

Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Roswell Park la, Candace S. Johnson, PhD, te deklare, “Sa se yon etap kapital vè lavan nan youn nan antrepriz ki pi siyifikativ nou te pran. Avèk etablisman konpayi sa a, nou ap antre nan yon nouvel faz enpòtan nan kad kolaborasyon Roswell Park ap fè ak syatifik Kiben inovatè sa yo. Objektif nou se pou nou devlope terapi kansè pwometè sa yo osi rapid ak efikas posib pou yo ka benefisye pi gran kantite pasyan nan Etazini”.

Chèf Estrateji, Devlopman Komèsyal ak Sansibilizasyon nan Roswell Park la, Doktè Thomas Schwaab, MD, PhD te deklare, “Li enkwayabman gratifyan pou nou wè kolaborasyon nou an atenn moman enpòtan sa a. Innovative Immunotherapy Alliance S.A. pral bay sipò, ekspètiz ak enfrastrikti ki pral rann li posib pou Roswell Park etidye medikaman sa yo epi pote yo bay pasyan Etazini yo. Nou kwè iminoterapi inik sa yo gen potansyèl pou yo chanje peyizaj tretman kansè a, epi nou fyè pou nou fè patenarya ak lòt nou yo nan CIM pou nou fè vanse devlopman terapi sa yo osi rapid ak efikas posib”.

Manm Kongrè Brian Higgins te deklare, “Antrepriz komèn sa a rasanble lidè nan rechèch inovatè k ap fèt pou akselere livrezon tretman pwometè yo pou sila ki ap konfwonte kansè yo. Pandan 120 ane, premye sant pou tretman global kansè peyi sa a, Roswell Park, te trase chemen an nan tretman ak swen kansè inovatè k ap benefisye pasyan toupatou atravè mond lan yo. Sa se yon lòt etap enpòtan nan tradisyon Roswell Park genyen pou l pote espwa pou sila ki souffri kansè yo ak moun ki renmen yo”.

Senatè Tim Kennedy te deklare, “Sant pou Tretman Global Kansè Roswell Park la kontinye mennen nasyon an non sèlman nan bay swen konplè, konpreyansif, men tou nan devlopman rechèch ak terapi inovatè, depwent, epi nouvo patenarya sa a pral senpleman elve espri revolisyonè sa a. Mwen atann pou m temwen avansman k ap soti apati de kolaborasyon sa a, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak Prezidan Roswell Park la, Candace Johnson paske y ap priyore sante ak espwa pou tout Nouyòkè”.

Manm Asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare, “Mwen kontan anpil epi mwen fyè de efò ak rezilta an kolaborasyon sa yo ke Sant pou Tretman Global Kansè Roswell Park la te akonpli ansanm ak rechèch Kiben an. Mwen espere ke anpil terapi kansè sa yo ap gen potansyèl pou yo gen efè ekonomik revolisyonè toupatou onivo endistri a ak onivo lokal, men pi enpòtan ankò ke Roswell reyisi kapab pwolonje tan pasyan yo ka pase ak pwòch yo”.

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, “Yo rekonèt Roswell Park pou rechèch depwent onivo entènasyonal epi nouvo patenarya sa a pral mete rechèch li yo nan yon lòt nivo, sa k ap kraze baryè yo epi eksplore nouvo pwogrè nan lit kont kansè a. Kansè pa gen limit, epi patenarya pwometè sa a demontre ke Roswell Park detèmine pou yo non sèlman bat flewo sa a men tou pou yo rete alatèt efò k ap fèt onivo mondyal yo nan pwosesis sa”.

Majistra Buffalo, Byron W. Brown, te deklare, “Buffalo fyè de sektè syans sante ki an kwasans li an. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Buffalo Niagara Medical Campus a ap reyalize potansyèl li kòm yon sous rechèch inovatè ak kwasans ekonomik. Ekip Doktè Candace Johnson lan nan Roswell Park te akonpli yon bagay espesyal epi mwen konfyan moun isit la yo, ak moun toupatou atravè mond lan, pral benefisye de premye patenarya nan nasyon sa a”.

Konpayi antrepriz komèn sa a, yo rele Innovative Immunotherapy Alliance S.A. pral baze Kiba epi afilye komèsyal CIM la, CIMAB S.A., ak yon afilye Roswell Park, GBCT II LLC, pral opere li ansanm. Konpayi an pral:

- Konsantre sou etid rechèch etazini ap mennen sou CIMAvax ak lòt pwodwi yo pandan senk premye ane yo;
- Chache apwobasyon FDA Etazini an apre yo demontre rezilta reyisi apati de tès klinik avanse yo fè sou pwodwi a yo;
- Chache pwoteksyon brevè pou dekouvenèt k ap soti nan devlopman kat medikaman kansè sa yo, chache opòtinite sou-lisans pou dwa pwopriyete entèlektyèl antite a, kolabore sou rechèch ak pataje amelyorasyon sou pwopriyete entèlektyèl la yo sou yon baz resipwòk ak CIM ak CIMAB; epi
- Alontèm, fasilite enpòtasyon ak distribisyon pwodwi yo nan Etazini, swa dirèkteman oswa atravè arajman sou-lisans, apre apwobasyon reglemantè a pou benefisye pasyan Etazini an yo.

Inisyativ sa a pral vanse konfòmman ak pèmasyon Biwo Kontwòl Resous Etranje (Office of Foreign Assets Control) nan Depatman Trezò a (Department of Treasury), Biwo Endistri ak Sekirite (Bureau of Industry and Security) nan Depatman Komès Etazini an (U.S. Department of Commerce), ak FDA Etazini an. Etid klinik yo se premye etap vè lavan anè apwobasyon FDA pou nouvo terapi yo. Avèk aksè a tretman adisyonèl nan kad antrepriz komèn sa a, Roswell Park prevwa lanse esè klinik adisyonèl, enskri plis pase 100 pasyan nan Etazini nan twazan k ap vini yo avèk plan pou etid klinik adisyonèl k ap swiv premye etid la yo.

Apa de CIMAvax, yo pa te janm etidye medikaman kansè sa yo nan pasyan Etazini an yo. Ilèm faz ak IIIèm faz esè klinik Kiben yo ap fè sou CIMAvax la te montre ogmantasyon sivi ak amelyorasyon kalite lavi pasyan ki gen kansè nan poumon ki pa nan ti silil yo an jeneral.

Akin Gump Strauss Hauer & Feld LLP, ki se yon kabinè avoka ki gen ekspètiz nan zafè biznis entènasyonal ak zafè komès ant Etazini ak Kiba, te bay asistans jiridik ki te ede sipòte etablisman antrepriz komèn sa a. Prèske 4 milyon dola nan don ap finanse esè klinik inisyal sou CIMAvax Roswell Park la.

Pou plis enfòmasyon, tanpri konsilte RoswellPark.org/CIMAvax.

Enfòmasyon sou Sant pou Tretman Global Kansè Roswell Park la

Sant pou Tretman Global Kansè Roswell Park la se yon kominote ki ini atravè volonte yo genyen pou elimine priz kansè genyen sou limanite a lè yo debloke sekre li atravè apwòch pèsonalize epi deklanche pouvwa gerizon espwa a. Doktè Roswell Park te fonde l an 1898, li se sèl Enstiti Kansè Nasyonal yo dedye a sant pou tretman global kansè nan Rejyon Nò New York la. Jwenn plis enfòmasyon sou www.roswellpark.org, oswa kontakte 1-800-ROSWELL([1-800-767-9355](tel:1-800-767-9355)) oswa ASKRoswell@roswellpark.org.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)